

Nama/No :

WACANEN PARAGRAF ING NGISOR IKI KANG PATHITHIS !



Shinta Ayu Kartika bocah wadon kang ayu rupane. *Pawakane Lencir. Kulitane kuning.* Ing sekolah karan Shinta ngono wae. *Sesolahe Gandhes Luwes lan Esemere merak ati.* Yen ana ing kelas *antenge kaya dewi Sembadra.* Shinta ora ana cacade siji-sijia.

Sore kuwi Shinta mlaku-mlaku menyang kutha karo bapak lan ibune. *Bayem erine, ketan pulukane. Sinta rumangsa ayem atine, ketekan panyuwune.* Pak Harjo bapak Shinta arep mundhutake sepedah jengki anyar. Sintha mentas wae dadi juara lomba nembang. Sanajan lomba nembang kuwi mung dianakake ing sekolah, nanging wong tuwane Shinta mongkog atine. Ing jaman sarwo modern iki putrane bisa dadi juara nembang.

Polahe wong ing kutha kaya gabah diinteri. Lakune wong ngalor ngidul, ngetan bali ngulon, padha golek rejeki dewe-dewe. Ing antarane wong kemrubutnguber rejekine, ana sawijining bocah cilik kang uga golek urip. Shinta rumangsa welas nyawang bocah kang pancen memelas, *irunge gruwung, lakune kecingungan, tangane sing cekot* nggantung nadahi rejeki saka kawelasane wong liwat.

"Godhong klaras godhong kemangi, bocah memelas lurus rejeki. Bathine Shinta karo ngelungake dhuwit sanguine marang bocah cilik kuwi.

"Matur Nuwun, Mbak" kandane Si bocah nampani duwite Shinta. Shinta manthuk karo nguncalake *Esemere kang kaya Madu.*

COBA GOLEKANA TEMBUNG KACETAK MIRING LAN COBA GOLONGNO MANUT JENISE (PANYANDRA/ PANYENDHU/ PEPINDHAN/ PARIKAN)

- Pawakane
- Kulitane
- Sesolahe
- Esemere
- Sembadra
- Bayem erine, ketan pulukane.
- Polahe.....
- Irunge
- Lakune
- Tangane
- Godhong klaras godhong kemangi,
- Esemere

Jangkepna ukara-ukara ing ngisor iki kanthi basa rinengga kang wis cumepak!

- | | |
|---|----------------------------------|
| 1. Senajan irunge . . . kancaku sing aran Santi kuwi isih katon manis. | a. Atine seneng juwara siji |
| 2. Mira tangane . . . mula yen njoged bisa luwes | b. Kedhe |
| 3. Polahe kaya . . . dikongkon lungguh sedela wae ora bisa. | c. Najan ga mampir nanging liwat |
| 4. Godhong kecipir mrambat kawat, . . . | d. Gabah diinteri |
| 5. Lambene . . . sanajan ora gincuan wes katon abang. | e. Pesek |
| 6. Senajan tangane . . . nanging Wagiman bisa nulis kanthi lancar. | f. Manggis karengat |
| 7. Bocah-bocah nganggo sragam putih, disawang kaya . . . | g. Nggandewa pinenthang |
| 8. Untune . . . dasar rypane putih, yen mesem katon manis. | h. Miji timun |
| 9. Parmin sikile . . . nanging yen balapan mlayu isish bisa ngalahake Badrun. | i. Dhingklang |
| 10. Ireng-ireng gorengan kopi, | j. Mliwis baris |